



## Lot fòm ki asosye ak

Fòm 470 – ki se :

Demann pou kenbe Adrès ou Konfidansyèl

Ou ka jwenn tout fòm yo sou sitwèb Tribunal Lafanmi nan

<https://courts.delaware.gov/family>

## Enfòmasyon pou Kontakte Tribunal Lafanmi nan

### Konte New Castle

Leonard L Williams  
Justice Center  
500 N. King Street  
Wilmington, DE  
19801  
302-255-0300

### Konte Kent

Tribunal Lafanmi  
400 Court Street  
Dover, DE 19901  
302-672-1000

### Konte Sussex

Tribunal Lafanmi  
22 The Circle  
Georgetown, DE 19947  
302-855-7400

MEN YON GID POU KENBE ADRÈS OU KONFIDANSYÈL

# ADRÈS KONFIDANSYÈL

TRIBINAL LAFANMI ETA DELAWARE

<https://courts.delaware.gov/family>

**Kouman pou mwen fè pou Tribunal la kenbe adrès mwen Konfidansyèl nan yon zafè Pwoteksyon kont Move Tretman (an angle : Protection from Abuse, PFA)?**

Nan demann PFA ou la, ou dwe mande pou yo kenbe adrès ou konfidansyèl EPI ou dwe bay rezon ki fè si ou revele adrès ou ki ka mete vi aplikan(yo) an danje. Ou **PA BEZWEN** fè yon demann pou sa.

**Kisa pou m fè pou mwen mande Tribunal la kenbe adrès mwen konfidansyèl nan nenpòt lòt dosye?**

Pou ou mande Tribunal la kenbe adrès ou konfidansyèl, ou dwe ranpli Fòm - 470 (an angle : *Motion for Confidential Address*).

Tanpri, sonje fòm sa a gen 3 paj:

- Demann pou Kenbe Adrès ou Konfidansyèl
- Avi Demann Lan
- Òdonans (Kite paj sa a vid pou Tribunal la ranpli)

Ou dwe voye yon kopi toulètwa paj yo bay lòt pati a pa lapòs premye klas oswa sètifye.

**Ki jan Tribunal la kenbe adrès mwen konfidansyèl?**

Tribinal la kenbe enfòmasyon ki gen rapò ak adrès ou nan yon anvlòp separe pou moun pa gen aksè a li lè yon moun ap gade dosye a. Anplis de sa, Tribunal la pa p mete adrès ou nan okenn dokiman Tribunal la.

**Kijan Tribunal la pral deside Demann pou Adrès Konfidansyèl mwen an?**

Ou dwe di poukisa ou vle pou yo kenbe adrès ou konfidansyèl nan Demann ou an. Se Tribunal la k ap deside si li aksepte oswa derefize demann ou an. Desizyon sa ap baze sou sa ou ekri nan Demann pou Kenbe Adrès ou Konfidansyèl la ak nenpòt repons ou ekri. Rezon menm ki fè ou mande pou yo kenbe adrès ou konfidansyèl, se pou sekirite ou.

**Si tribunal la akòde Demann pou kenbe Adrès ou Konfidansyèl, ou dwe sonje pou PA mete adrès ou nan yon nouvo aplikasyon ou ap depoze devan tribunal la. Si ou mete adrès ou nan yon nouvo aplikasyon, li pa konfidansyèl ankò.**

**Pou konbyen tan adrès mwen ap rete konfidansyèl?**

Adrès ou ap rete konfidansyèl jiskaske Tribunal la anile Lòd ki te apwouve demann pou kenbe adrès ou konfidansyèl la, OSWA jiskaske ou mete adrès ou nan yon nouvo aplikasyon.

**REMAK : Si Depatman lajistis Delaware te aksepte ou nan Pwogram pou kenbe Adrès Konfidansyèl la**, ou ta dwe bay bwat lapòs ou kòm adrès sou fòm Tribunal yo. Si nenpòt lòt ajans jije nesesè adrès ou konfidansyèl, sa gen ladan Divizyon Sèvis Sipò pou Timoun, li pral **SÈLMAN** vin konfidansyèl nan Tribunal Lafanmi si ou depoze Demann pou kenbe Adrès ou Konfidansyèl la **EPI** Tribunal la akòde demann ou an ak li bay lòd pou yo make adrès ou konfidansyèl.